

POLITIK ÈD FINANSYE — REZIME NAN LANGAJ SENP

Sistèm Swen Sante NCH

ÈD FINANSYE KI DISPONIB

Misyon Sistèm Swen Sante NCH la se ede tout moun viv pi lontan, pi kontan epi an pi bon sante. Nan kad misyon sa a, Sistèm Swen Sante NCH la ofri èd finansye atravè Politik Èd Finansye li (FAP) pou pasyan ki pa kapab peye pou swen ijans oswa swen ki nesèsè sou plan medikal. Nou ofri èd pou pasyan ki kalifye yo pou swen medikal ijans ak swen ki nesèsè sou plan medikal yo bay nan yon etablisman Sistèm Swen Sante NCH la. Politik Èd Finansye a kouvri doktè Gwoup Doktè NCH yo ki bay swen medikal ijans ak swen ki nesèsè sou plan medikal nan yon etablisman Sistèm Swen Sante NCH la. Doktè ki pa fè pati Gwoup Doktè NCH la ka ofri pwogram èd finansye tou, selon pwòp diskresyon yo. Ou ka jwenn yon lis doktè Gwoup Doktè NCH yo ak lòt founisè ki kouvri anba FAP la sou entènèt nan www.nchmd.org/Patients-and-visitors/billing-info.

KONDISYON POU KALIFYE AK ÈD YO OFRI Kalifikasyon pou èd finansye a baze sou plizyè faktè, tankou kalite pwoblèm sante a ak swen ki nesèsè, asirans ki nan rezo a oswa lòt sous peman (tankou reklamasyon pou aksidan pèsonèl), revni (gid Nivo Povrete Federal la itilize pou detèmine kantite èd finansye yo ofri), kantite moun ki nan fanmi an, byen moun nan posede, ansanm ak nenpòt konsiderasyon espesyal pasyan an oswa doktè a ta renmen yo pran an kont.

Yo ofri èd finansye pou pasyan ki rete pèmanan Ozetazini, nan zòn kote NCH bay sèvis yo, epi ki pa gen asirans oswa ki pa gen ase kouvèti asirans. Yo pral bay pasyan an èd finansye an pati oswa an antye selon kapasite li pou peye frè yo faktire yo.

Pasyan yo dwe respekte tout etap pwosesis aplikasyon an, tankou soumèt deklarasyon taks, relve bankè ak fich peman, epi ranpli aplikasyon pou èd finansye a pou tout sous èd ki disponib, tankou Medicaid oswa lòt opsyon finansman.

KI JAN POU APLIKE POU ÈD

Pasyan an oswa nenpòt moun ki patisipe nan swen pasyan an, tankou yon manm fanmi oswa yon founisè swen, ka fè konnen li gen enkyetid konsènan kesyon finansye yo nenpòt ki lè pandan swen pasyan an. Apre sa, yo pral ankouraje pasyan an oswa moun ki responsab pou li ranpli yon aplikasyon pou èd finansye. Pasyan an oswa reprezantan li ka aplike pou èd finansye lè li ranpli yon aplikasyon pou èd finansye nenpòt ki lè anvan oswa pandan tretman an, epi jiskaske yo fin rezoud fakti li nèt.

Èd finansye a limite a swen medikal yo bay nan yon lopital Sistèm Swen Sante NCH la epi se pèsonèl medikal Sistèm Swen Sante NCH la ki bay swen sa yo. Depans tankou transpò, manje, lojman, ekipman medikal dirab ak medikaman sou preskripsyon pa kouvri anba Politik Èd Finansye a. Sistèm Swen Sante NCH la ap respekte konfidansyalite ak diyite chak pasyan, epi yo pral trete tout enfòmasyon yo soumèt pou yo konsidere pou èd finansye kòm enfòmasyon sou sante ki pwoteje anba Lwa sou Pòtabilite ak Responsabilite Asirans Sante (HIPAA).

KI KOTE POU JWENN KOPI

Politik Èd Finansye ak Aplikasyon Sistèm Swen Sante NCH la disponib gratis lè w rele Sèvis Kliyantèl Kont Pasyan yo nan 239-624-6400 oswa 800-436-8454 epi mande pou yo voye yon kopi pa lapòs oswa pa imèl. Enfòmasyon sa a disponib tou sou sit entènèt nou an nan www.nchmd.org/Patients-and-visitors/billing-info. Kopi politik la ak aplikasyon an disponib tou nan biwo admisyon yo nan tout etablisman lopital Sistèm Swen Sante NCH la, ansanm ak nan tout depatman ijans yo.

Pa Plis Pase Montan Yo Faktire An Jeneral (AGB)

Yo pa ka faktire yon pasyan yo detèmine ki kalifye pou èd finansye plis pase montan yo faktire an jeneral pou swen ijans oswa lòt swen ki nesèsè sou plan medikal yo bay pasyan ki gen asirans pou kalite swen sa yo. Lè yo detèmine yon pasyan kalifye pou èd finansye, pasyan an pap dwe peye plis pase montan yo faktire an jeneral (AGB) pou moun ki gen asirans. Naples Community Hospital itilize metòd retwospektif ("look back") la pou kalkile AGB pou lopital li yo. AGB a se pi gwo montan nou pral kolekte nan men yon pasyan ki kalifye.

AGB a baze sou tout reklamasyon Medicare ak konpayi asirans sante prive yo apwouve sou yon peryòd 12 mwa, divize pa montan brit yo faktire pou reklamasyon sa yo.

Kontak pou Enfòmasyon ak Èd

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou Politik Èd Finansye a ak èd pou pwosesis aplikasyon an nan Sèvis Kont Pasyan yo:

- Sou entènèt nan www.nchmd.org/Patients-and-visitors/billing-info
- Ou ka rele tou nan 239-624-6400 oswa nan 800-436-8454
- oswa vizite biwo Kont Pasyan/Administrasyon an:
-

NCH Business Center
1100 Immokalee Road, Suite 100
Naples, FL 34109

Lendi rive Vandredi 9:00am – 4:30pm

Pou Moun ki pa Pale Anglè

Tradiksyon Politik Èd Finansye a, Aplikasyon pou Èd Finansye a ak Rezime nan Langaj Senp sa a disponib nan www.nchmd.org/Patients-and-visitors/billing-info oswa lè w rele Biwo Kont Pasyan/Administrasyon an nan 239-624-6400 oswa 800-436-8454.